# Reyinyon Anyèl Tit I

## Yon prezantasyon an Kolaborasyon avèk Pwogram Depatman Federal ak Leta ak Lekòl Title I yo

Presented by: Mrs. Roundtree, Assistant Principal
Wednesday, September 11, 2024 at 5:30 PM
Cafeteria

# Objektif Reyinyon an





- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekol yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.

- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.

# Kisa Tit I an ye?





Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.

# Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?





- **Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2024-2025**
  - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification)
  - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo daprè lwa federal ak lwa Eta a:
    - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
    - 67% pou lekòl segondè

The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –August 2023 – SY231282

# Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
  - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
  - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.

# Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòme ak patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi*
  - Kontra ant Lekòl – Paran*
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)*
  - Sondaj

# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisye
- Tout pwofesè benefisye
- Tout fanmi benefisye



# School Data

| | 3rd ELA | ELA | ELA Gains | ELA L25% | Math Proficiency | Math Gains | Math L25% | SCI | Total Points | School Grade |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2024 | 20 | 30 | 53 | 68 | 39 | 52 | 55 | 33 | 350/8 = 43.75 or 44% | C |
| 2023 (Baseline) | | 33 | | | 40 | | | 34 | 107= 35.66 or 36% | C |
| 2022 | | 41 | 67 | 63 | 42 | 69 | 65 | 25 | 372/7= 53.142 or 53% | C |
| 2021 | | 39 | 53 | 42 | 33 | 33 | 17 | 20 | 237/7= 33.857 or 34% | N/A |

FY24: A = 64% or higher, B = 57% -63%, C = 44% -56%, D = 34% -43%,  F = 33% or less

FY19-FY22: A = 62% or higher, B = 54% -61%, C = 41% -53%, D = 32% -40%,  F = 31% or less

# Egret Lake Elementary
## FY25 Goal & Data Sheet

| English Language Arts | | | | | 3rd Grade ELA | | | | | Math | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| FY24 PM3 | | FY25 PM1 | FY25 PM2 | FY25 PM3 | FY24 PM3 | | FY25 PM1 | FY25 PM2 | FY25 PM3 | FY24 PM3 | | FY25 PM1 | FY25 PM2 | FY25 PM3 |
| 30 | 40 | | | | 20 | 30 | | | | 39 | 50 | | | |

| Science | | | | ELA Learning Gains | | | Math Learning Gains | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| FY24 PM3 | | FY25 DIAG | FY25 PM3 | FY24 PM3 | | FY25 PM3 | FY24 PM3 | | FY25 PM3 |
| 33 | 45 | | | 53 | 75 | | 52 | 75 | |

| ELA Learning Gains - Low 25% | | | Math Learning Gains-Low 25% | | | School Grade | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| FY24 PM3 | | FY25 PM3 | FY24 PM3 | | FY25 PM3 | FY24 School Grade | | FY25 School Grade |
| 68 | 75 | | 55 | 75 | | c | B | |

# Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- **Enstriksyon nan Klas**
  - Djòb Pwofesè (yo)

    –1 Mathematics Resource (Ms. Colanero)

    –1 Literacy Coach (Dr. Burton)

    –1 Single School Culture Coordinator (Mrs. Hornsby)
  - Opòtinite pou pwolonje aprantisaj

    -Math Tutorial (Grades: Tentatively Grades 3-5)
  - Teknoloji ak founiti

    -iReady Magnetic Reader books for all Literacy classes
    -Fundations in grades K-2
    -Phonics workbooks (Grades 3-5)

# Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

{CUSTOMIZE}

- **Patisipasyon Paran-Fanmi**
  - Parent Night #1: ELA & Math (Reading/Writing/SIS/PM Unify), on October 2, 2024 at 6:00 PM
  - Parent Night #2: ELA & Math (Reading/Writing/SCI), on January 23, 2025 at 5:30 PM
  - Parent Night #3: FAST Assessment Parent Information Night/Data Chat (Gr K-5) on March 13, 2025, at TBD
- **Devlòpman Pwofesyonèl**
  - Pozisyon Antrenè Pedagojik(yo)

  *Teacher are provided support through PLCs and coaching*

# Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitid sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè

# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou  revize si sa nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi

# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Deklarasyon misyon pou angajman paran
- Kòman nou travay avèk paran, fanmi ak kominote pou amelyore rannman elèv
- Kòman nou prepare pwofesè pou travay ak fanmi
- Kòman nou sipòte paran pou ede pitit li(yo) lakay
- Kòman nou pataje enfòmasyon enpòtan



**Lekòl Primèe Elamantè Egret Lake**
**Regleman/Plan Pou Patisipasyon Fanmi Summary**
**Ane Lekòl 2024-2025**
**Rezime**

Lekòl Primè Elemantè Egret Lake rekonèt enpòtans ki genyen nan fòme yon patenarya solid ak paran yo epi manm kominote yo nan lòd pou enpak pozitivman elèv yo nan lekòl nou an. Pou ankouraje patisipasyon efikas paran yo, anplwaye nan lekòl Primè Elemantè Egret Lake resevwa enfòmasyon nan men gwoup paran ak manm kominote a pou pran desizyon ak ankouraje paran yo patisipe nan aktivite yo dekri nan plan sa a. Nou travay ansanm ak paran yo kòm patnè nan pwosesis edikasyonèl sa.

**Deklarasyon Misyon:**

Misyon Egret Lakes se nan aliyman avèk misyon Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la. Nou angaje nan edike, afime ak enspire elèv yo nan yon lekòl ekite-entegre. Kòm on Lekòl nou pral patenarya ak paran yo bay chak elèv otorizasyon yo rive jwenn pi gwo potansyèl li yo ak eksperyans siksè pèsonèl ak edikasyon. Lè nou travay avèk fanmi yo, n ap kapab bay elèv yo yon pi gwo opòtinite pou yo aprann epi pou prepare yo avèk estrateji pou yo pare kolèj ak karyè. Lekòl nou an fè efò pou pèmèt paran yo ak fanmi yo sipòte devlopman koytifi ak sosyal-emosyonèl pitit yo nan ranfòse patenarya distri, lekòl, fanmi ak kominote atravè kominikasyon, sipò resous, ak fòmasyon

**Reyinyon Anyèl**

Yo envite paran yo patisipe nan reyinyon sa a nan kòmansman chak ane lekòl pou aprann plis sou kondisyon ki nan Tit I ak Tit I Pwogram Nan tout Lekòl La Anjeneral. Nan reyinyon sa a pral gen opòtinite pou revize dokiman Tit I epi prezante opinyon sou enfòmasyon sa yo:

- Kondisyon Enfòmasyon Ant Lekòl ak Paran
- Règleman/Plan Tit I Pou Patisipasyon Fanmi
- Dwa paran yo Dwe Konnen
- Plan Jeneral Nan Tout Lekòl la Tit I
- Lide sou sijè lavni pou aktivite patisipasyon paran
- Bidjè Tit I
- Pwogram Edikasyon pou Imigran
- Sèvis pou fanmi ki san kay

**Aksè pou tout fanmi**

Nou pral akomode tout fanmi lè nou prezante enfòmasyon sa yo:

- Chwa dat ak lè pou reyinyon ap baze sou enfòmasyon de paran yo
- Entèprèt
- Dokiman Tradui

**Aktivite Patisipasyon Paran**

Baze sou enfòmasyon sondaj paran, nou pral prezante aktivite sa yo pou ede paran yo konprann kourikoulòm ak evalyasyon eta a epi ede paran amelyore siksè akademik pitit yo:

- Sware Kourikoulòm pral aplike pou paran ka aprann estrateji pou ede timoun la kay; konsa timoun yo kapab ogmante nivo lekti, matematik, syans ak reyisit ekri.
- Sware Enfòmasyon Pou Paran pral enfòme paran yo sou egzamen Florida Assessment of Student Thinking (FAST) ak estrateji kourikoulòm yo k ab itilize pou ede prepare pitit yo. Rezilta yo ta kapab endike siksè elèv sou egzamen FAST.
- Fòmasyon Jadendanfan Konsyantizasyon fèt chak prentan nan mwa me pral enfòme paran yo sou aktivite senp ke yo ka ekspoze pitit yo pandan ane a pou prepare yo pou jadendanfan.
- Fòmasyon Enfòmasyon Tit I pou Anplwaye Lekòl prezante enfòmasyon pou anplwaye yo kominike ak paran yo ak bay resous pou sipò aprantisaj lakay.

# Seminè Fòmasyon pou Paran

Annakò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w vin patisipe nan fòmasyon nan dat ki anba yo:

- Sware Paran #1: ELA & Matematik (Lekti/Ekriti/SIS/PM Unify), le 2 októb 2024 a 6:00 p.m.
- Sware Paran #1: ELA & Matematik (Lekti/Ekriti/syans). 23 janvye 2025 a 5:30 p.m.
- Sware Paran #3: Evalyasyon RAPID
- Sware Enfómasyon sou Paran/Chat Done (Gr K-5) mas, 2025 nan TBD

# Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou ekri l.



- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.

# Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Revizyon Kontra ant Paran ak Lekòl pou ane 2025
- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn nan
- Kesyon



Egret Lake Elementary School

Ms. Dionne Napier
*Principal*

5115 47th Place N.
West Palm Beach, FL 33417
P: 561-616-7900

Mrs. Tiana DuPont-Roundtree
*Assistant Principal*

**2024-2025 Lekòl Primè Elemantè Egret Lake**
**Pwogram Pou Paran**
**Pwogram Tit I pou Ane Lekòl**

Kompak sa rekonèt responsabilite si lekòl la, lakay ak elèv yo travay ansam pou rankontre pwogrè akademik. Nou fè efò pou reyalize yon ogmantasyon konpetans 5% nan lang angle Arts, Matematik ak Syans. Ansam nou k ab bati yon fiti meyè pou timoun yo.

**Kòm lekòl nou pral:**

- Mete gwo atant akademik ak konpòtman pou tout elèv yo.
- Bay yon anviwònman an sekirite ki fezab pou aprann.
- Selebre siksè akademik ak reyalizasyon konpòtman elèv yo.
- Bay bon jan kalite kourikoulòm ak ansèyman ki pèmèt elèv yo satisfè nòm siperyè yo.
- Respekte ak valè gwo varyete diferans kiltirèl elèv yo ak fanmi yo.
- Kominike avèk efikasite e souvan avèk elèv yo ak fanmi yo konsènan pwogrè endividyèl elèv yo, ansanm ak opòtinite pou yo vin patnè enpòtan nan aprantisaj atravè ClassDojo.
- Ankouraje yon atmosfè familyal kote vizitè yo akeyi epi ankouraje yo patisipe aktivman.
- Fòme fanmi yo sou estrateji yo ka itilize pou ede pitit yo lakay yo.

**Kòm Fanmi/Gadyen, nou pral:**

- Asire w ke elèv yo ale lekòl regilyèman, yo alè, epi yo prepare (egzanp papye, kreyon ak pwojè devwa).
- Asire w ke elèv yo abiye yon fason apwopriye ak kòd abiman.
- Li ak elèv yo chak jou pou omwen 30 minit.
- Siveye devwa lakay yo ak gade televizyon/aparèy elektwonik lakay ou.
- Ale nan fòmasyon (yo) ak fonksyon lekòl yo, tankou Open House, PM FAST/Sware Kourikoulòm, Sware Paran, ak omwen yon konferans paran-pwofesè pou chak trimès.
- Tcheke ajanda elèv yo (egzanp klas dojo oswa nenpòt zouti jesyon salklas ke pwofesè yo itilize) chak jou/semèn.
- Siveye Portal pou paran Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS).
- Tcheke epi netwaye sak lekòl elèv yo chak jou.
- Sipèvize itilizasyon pozitif elèv la nan tan ki pa nan kourikoulòm lan.
- Kominike ak lekòl la souvan epi fè konferans (pa Google Meet, ClassDojo oswa telefòn) ak pwofesè a chak trimès.
- Sèvi kòm volontè oswa ede lekòl la osi souvan ke posib epi mande lekòl la èd lè bezwen an rive.

**Kòm Elèv, Mwen Pral:**

- Atenn gwo atant yo fikse pou akademik yo.
- Swiv matris lekòl la tout tan.
- Konpòte avèk respè anvè kamarad mwen yo ak granmoun yo sou lakou lekòl la.
- Ale lekòl regilyèman, alè, prepare epi abiye kòmsadwa.
- Fè tout sa m kapab pou konplete tout devwa alè epi mande èd lè sa nesesè.
- Asire w ke paran mwen siyen ajanda mwen an epi retounen lekòl.
- Rapòte sitiyasyon danjere oswa pwoblèm bay lekòl la ak/oswa fanmi yo.
- Pran fyète nan lekòl la, lakay ou, ak kominote a.

**Ansanm, nou pral travay pou reyalize akò kontra sa a**

School-Compact afiche sou sitwèb lekòl la nan dat 30 out 2024. Tanpri retounen tout fòm lan. Y ap remèt ou yon kopi fòm ki siyen an.

# Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo;
  ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, kalifikasyon pwofesyonèl li.



# Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòme fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak

- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou FAST, EOCs, ak SSA.



# Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.





# Pwogram Edikasyon Migran

Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè

# Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta

- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:

Jorge Echegaray
Manadjè, Migrant Education Program
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org
(561) 202-0356






# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yon abri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte

# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney* -Vento & Jesyonè Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Pro*gram *(MVP*), k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò  ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.

# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Enfòmasyon pou Kontakte MVP

School: Egret Lake's McKinney-Vento Contact is Mrs. Victoria Berardesco, School Counselor, 561-616-7935

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- MVPhomeless@palmbeachschools.org

# Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!